

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur puisi dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* anu ngawengku struktur lahir (diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, purwakanti) jeung struktur batin puisi (téma, rasa, nada, amanat), ogé maluruh unsur éksprésif anu ngawengku faktor méntal pangarang (kontéplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa) jeung téhnik prosés kréatif (tahap pamarekan, nimukeun, ngagarap, ngaéksprésikeun, komunikasi) Yus Wiradiredja dina waktu ngarang rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif-analitik kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi. Anapon téhnik ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis dumasar kana ulikan struktur puisi anu ngawengku struktur lahir konsép Alton C. Morris jeung struktur batin konsép I.A Richards. Pikeun ngolah data unsur éksprésif disaluyukeun jeung pamadegan Chyé Rétyy Isnéndés ngeunaan faktor méntal pangarang jeung tiori M.H Abrams ngeunaan prosés kréatif.

Tina hasil panalungtikan, struktur lahir puisi anu aya dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* kaasup lengkep jeung variatif. Ieu hal lantaran struktur lahirna mibanda kajembaran boh dina diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti nu nganteb dina unggal rumpakana. Struktur lahir anu kapaluruh nya éta 1) diksi, kapaluruh 23 diksi anu mangrupa kecap jeung frasa salaku sampel nu bisa ngawakilan téma; 2) imaji, kapaluruh aya lima nya éta imaji panénjo (visual), imaji pangdégé (auditoris), imaji pangrasa (taktil), imaji gerak (kinéstétik), jeung imaji pamikiran (inteléktual). Imaji panénjona nuduhkeun kana kaayaan alam jeung lingkungan masarakat sabudeureun tur kaayaan awak anu bisa katempo. Imaji pangdégéna nuduhkeun kana budaya kabiasaan jeung sosial kahirupan sapopoé masarakat. Imaji pangrasana nuduhkeun hubungan haté jalma hiji jeung jalma séjénna boh dina hubungan awéwé jeung lalaki, boh hubunganana jeung masarakat

sabudeureun. Imaji gerakna nuduhkeun kana paripolah jalma sapopoé nu aya patalina jeung aktifitas sosial, boh jeung masarakat sabudeureun boh jeung pasanganana. Imaji pamikiranana nuduhkeun kana hal-hal sosial anu teu bisa kaciri jirimna tapi bisa dirasakeun ku jalma anu niténan. 3) kecap kongkrit, kapaluruh aya 28 kecap jeung 2 frasa salaku sampel anu bisa ngawakilan téma; 4) gaya basa, kapaluruh 6 gaya basa nyaéta gaya basa mijalma, gaya basa lalandian, gaya basa kadalon, gaya basa rarahulan, gaya basa raguman, jeung gaya basa silib. Lolobana mah gaya basa anu dipaké téh nyaéta gaya basa mijalma; 5) purwakanti, kapaluruh aya 8 purwakanti nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti laraswekas, purwakanti larasmadya, purwakanti laraspurwa, purwakanti mindoan-kawit, purwakanti maduswara, purwakanti margaluyu, jeung purwakanti cakraswara. Lolobana purwakanti anu kapanggih téh nyaéta purwakanti maduswara.

Struktur batin anu kapanggih dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* téh sakabéh unsurna patali. Struktur batin anu kapaluruh nyaéta 1) téma, anu ngawengku téma sosial jeung asmara; 2) rasa, kapaluruh 10 rasa nyaéta rasa kawaas, kasono, kabungah, kasengsrem, kahandeueul, kaprihatin, kakesel, kakeuheul, kaguligah, jeung kasabaran; 3) nada, kapaluruh 4 nada nyaéta nada lugas atawa nyaritakeun hiji perkara, nada kasumanget, nada meupeujeuhan, jeung nada nyindiran; 4) amanat anu réa kapanggih téh nyaéta ngeunaan tata titi hirup kumbuh di masarakat.

Unsur éksprésif mangrupa faktor méntal pangarang kapanggih dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* ogé dipatalikeun jeung hasil wawancara. Kapaluruh faktor méntal anu ngawengku kontémplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa. Kontémplasi Yus Wiradiredja katitén tina carita anu diangkat jadi hiji karya. Yus sacara teleb niténan kaayaan jeung naon-naon anu kungsi karandapan boh ku dirina pribadi, boh ku batur. Spontanitas Yus Wiradiredja katitén dina kawih *Sintrén* jeung *Hujan Poyan*. Kaparigelan Yus anu nimbulkeun spontanitas téh bisa tina sisi musikalna, bisa ogé tina sisi rumpaka. Intuisi Yus Wiradiredja dipangaruhan tina pangalaman jeung kalungguhan inyana di masarakat. Karyana ogé patali jeung unsur sosial.

Pangalaman Yus Wiradiredja kungsi ditinggalkeun kawin ku kabogohna, pangalaman ngumbara ti Cianjur ka Bandung, pangalaman lila cicing di Bandung, pangalaman nikah saprak papanggih jeung hiji awéwé di Bandung, éta sakabéh pangalaman anu disebutkeun téh bisa diangkat kana hiji karya kawih. Intelegénsi Yus Wiradiredja katitén tina tarékahna ngawanohkeun budaya anu beuki dieu beuki jarang digunakeun, tina ngagunakeun paribasa-paribasa anu diselapkeun saperti paribasa “awéwé dulang tinandé” jeung “lalaki lalanang jagat”, jeung intelegénsi tina sisi musikal. Integrasi Yus Wiradiredja nyaéta bisa nyaluyukeun kaayaanana jadi masarakat kota Bandung sanajan kota lahirna di Cianjur. Tapi ku sabab Yus geus sakitu lilana di Bandung, inyana jadi bisa ngarasakeun kumaha kaayaan masarakat Bandung ti jaman ka jaman. Inyana ogé bisa nyaluyukeun jadi awéwé anu kanyenyieran lantaran ditinggalkeun ku kabogohna.

Kapribadian Yus Wiradiredja anu katitén tina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* mah, inyana jalma anu peka kana rasa. Méh sakabéh kawih-kawihna nyoko kana urusan haté. Yus ogé salasihiji dosén anu *open minded*. Inyana bisa narima saran, narima kritik pikeun bahan évaluasi dirina sangkan leuwih ngaronjat, bisa diajak diskusi perkara naon waé, jeung kaasup dosén anu dipikaresep ku mahasiswa-mahasiswina. dina soal seni Sunda mah Yus miboga sikep anu wanian. Wani di dieu téh didadasaran ku intelegénsi, ku kaparigelan jeung karep daék ngulik. Émosi Yus Wiradiredja didadasaran ku pangalaman. Yus mihapékeun rasa gumbira, hanjakal, ambek, jeung bingung kana rumpaka kawihna.

Konsép seni anu ditembrakkeun ku Yus Wiradiredja katitén tina kekecapan anu digunakeun, murwakanti unggal pada jeung padalisanna, ma'na anu ditepikeunana ogé aya nu nembrak aya ogé nu nyamuni. Tina sisi musikal, mélodi atawa musik anu digunakeun dina kawih album *Rawayan Cinta* ogé teu sagemblengna ngagunakeun musik Sunda. Tapi ogé dipapaésan ku musik *jazz latin*. Kakuatan batin, rasa, jeung kamandang Yus Wiradiredja salaku jalma anu aya dina éta caritaan téh dipihapékeun ngaliwatan karya. Salaku jalma nu ngalaman kajadian dina unggal caritaanana, wajar lamun Yus miboga kakuatan batin anu ditepikeun kana carita anu leuwih subjéktif. Imajinasi anu digunakeun ku Yus téh sakur méré éfék anu tangtu dina karyana. Rasa anu ditembrakkeun ku Yus Wiradiredja jeung rasa anu bisa kapaluruh ku aprésiator atawa ku nu ngadéngékeun kawih téh méh

sarua. Éta hal balukar tina kuatna batin pangarang kana pangalaman jeung rasa anu kungsi karandapan.

Prosés kréatif Yus Wiradiredja dina ngarang rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* kapaluruh sanggeus ngaguar unsur éksprésif anu mangrupa faktor méntal. Dina ieu panalungtikan, kapaluruh yén pangalaman téh jadi hal anu mimiti diangkat kana prosés kréatif nyieun karya dina tahap pamarekan. Sanggeus miboga cara pikeun ngébréhkeun rasa patali jeung pangalamanana, Yus Wiradiredja bisa nimukeun ideu atawa gagasan pikeun satuluyna digarap jeung diolah sangkan bisa ngawujud éksprési dina karyana. Éta wujud éksprési téh hasil tina rasa anu ditembrakkeun ku Yus Wiradiredja kana karyana.

Tahap ngaéksprésikeun kawih bisa ngaliwatan prosés rekaman. Prosés rekaman ieu téh kudu bener-bener dilaksanakeun kalawan hadé. Lamun dina prosés rekaman teu ngagunakeun éksprési anu maksimal, rasa anu ditepikeun ka nu ngadéngékeunana ogé bisa jadi moal nepi atawa moal karasa. Sanggeusna ngaliwatan tahap ngaékprésikeun, ieu rumpaka kawih téh kudu dikomunikasikeun ka masarakat. Carana mah rupa-rupa, bisa ngaliwatan salinan CD album anu disebarkeun ka pasar musik, bisa ngaliwatan *YouTube*, bisa ogé dipintonkeun dina sawatara acara saperti pagelaran-pagelaran.

Jadi sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* téh miboga struktur lahir anu lengkep tur variatif ogé struktur batin anu patali hiji jeung nu séjénna. Faktor méntal Yus Wiradiredja salaku pangarang ogé mangaruhan pisan kana prosés kréatif salila nyieun rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*.

5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra hususna rumpaka kawih Sunda. Boh tina strukturna, boh tina unsur éksprésifna, boh tina téhnik prosés kréatif unggal pangarangna. Tina hasil ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang karep pamaca pikeun nyieun karya sastra anu sarupa ngagunakeun téhnik prosés kréatifna séwang-séwangan.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ditujukeun pikeun pangarang, panalungtik, jeung pikeun masarakat umum.

Pikeun pangarang, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngagambarkeun ngeunaan cara ngaéksprésikeun rupaning faktor méntal pangarang sarta ngagambarkeun tahap prosés kréatif anu idéal dina nyieun rumpaka kawih.

Pikeun panalungtik, dipiharep bisa dijadikeun sumber référénsi atawa pangdeudeul dina studi literaturna, sangkan ngajembaran pangaweruh tiori jeung kritik sastra. Pon kitu deui, dipiharep bisa nganalisis rumpaka kawih anu séjénna ngagunakeun pamarekan-pamarekan anu sarupa saperti ngagunakeun pamarekan anu hubunganana jeung sastra lagu kalawan leuwih nyosok jero deui jeung bisa leuwih ngaronjatkeun pangaweruh pikeun panalungtikan anu saterusna.

Anu pamungkas pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan saukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh ngeunaan kahirupan sosial.